# Қарақалпақстан Республикасы киши санаат зоналары дирекциясы таңлаў жәриялайды

**Ҳүрметли исбилерменлер!**

Қарақалпақстан Республикасы киши санаат зоналары дирекциясы киши бизнес ҳәм исбилерменликти қоллап-қуўатлаў, оларды раўажландырыў мақстетинде Әмиўдарья ҳәм Тақыятас районлары киши санаат зоналары аймағында пайдаланылмай турған майданлар менен имаратларда инвестиция жойбарларын әмелге асырыў ушын 2020-жыл 7-июль күни саат 11:00 де Қарақалпақстан Республикасы Экономикалық раўажландырыў ҳәм кәмбағаллықты қысқартыў министрлигиниң мәжилислер залында өткерилетуғын таңлаўға мирәт етеди.

Image not found or type unknown

Таңлаў жеңимпазларына киши санаат зоналары аймақларында ҳәрекетсиз турған ислеп шығарыў майданлары ҳәм имаратларында бизнес режелерин әмелге асырыў, жумыс орынларын жаратыў ҳәм сақлаў, барлық түрдеги салықлар ҳәм басқа да мәжбүрий төлемлерди өз ўақтында төлеў шәрти менен 5 жыллық узақ мүддетге «Ноль» баҳада ижараға бериледи.

Таңлаў қатнасыўшыларынан буйыртпалар 2020-жылдың 6-июннан 4-июлға шекем жумыс күнлеринде (саат 09:00 ден 18:00 ге шекем) қабыл етиледи.

Әмиўдарья ҳәм Тақыятас районлары киши санаат зоналары аймағында пайдаланылмай турған майданлар ҳәм имаратлар ҳаққында төмендеги кесте арқалы танысыўыңызға болады.

Мағлыўмат ушын:

Мәнзили: Нөкис қаласы Ә.Тимур көшеси 112а-жай (бағдар бизнес орайдың 2-қабаты)

Мағлыўмат ушын телефон: (61) 222-54-75

Электрон почта мәнзили: mpz-rk@umail.uz.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown